



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OPERASYON POU FÈ APLIKE LALWA POU VWAYAJ NAN AYEWOPÒ YO NAN TOUT ETA A POU EDE ASIRE VWAYAJÈ YO RESPEKTE RESTRIKSYON KARANTÈN YO

Èkip pou fè aplike lalwa yo pral baze nan Otorite Pòtyè ak Ayewopò Rejyonal yo apati madi 14 jiyè pou mande prèv ke fòmilè vwayajè DOH Eta a te ranpli

Nouvo [Fòmilè Elektwonik Vwayajè DOH](#) disponib kounye a, sa ki rann li pi fasil ak pi efikas pou vwayajè yo ranpli.

DOH Eta a pibliye [Òdonans Dijans Sante](#) ki òdone vwayajè yo ki andeyò Eta a ki sòti nan Eta ki deziyen yo pou ranpli fòmilè vwayajè DOH la lè y ap antre New York.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon operasyon pou aplike lalwa pou vwayaj pral kòmanse madi 14 jiyè nan ayewopò yo nan tout eta a pou ede asire vwayajè yo swiv restriksyon karantèn eta a ak pou ede kontwole pousantaj transmisyon COVID-19 nan Eta New York. Nan kad operasyon aplikasyon lalwa a, ekip pou fè aplike lalwa yo pral baze nan ayewopò yo nan tout eta a pou rankontre avyon k ap antre yo nan pòtay yo epi salye pasaje k ap debake yo pou mande prèv fòmilè vwayajè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ki ranpli, ke konpayi ayeryèn yo distribiye bay pasaje yo anvan ak lè y ap anbake ak debake pou vòl ki pral nan Eta New York yo. Yon nouvo [vèsyon elektwonik fòmilè vwayajè DOH la](#) disponib kounye a tou, sa ki rann li pi fasil ak pi efikas pou vwayajè yo ranpli fòm lan.

DOH Eta a te pibliye tou yon [òdonans dijans sante](#) ki òdone tout vwayajè ki andeyò eta a ki sòti nan eta ki deziyen yo pou ranpli fòmilè vwayajè DOH yo lè y ap antre New York. Vwayajè yo ki kite ayewopò a san yo pa ranpli fòmilè a ka resevwa amann 2,000 dola epi yo ka mennen yo nan yon odyans ak òdone pou yo fini karantèn obligatwa a. Tout konpayi ayeryèn yo te pwomèt pou ede mete pasaje yo okouran konsènan nouvo egzijans lan atravè imèl anvan vòl, anons anvan vòl, anons nan vòl ak lòt metòd. Anplis de sa, vwayajè yo k ap antre New York ki sòti nan eta ki deziyen yo atravè lòt mwayen transpò, ki gen ladan tren ak machin, dwe ranpli fòmilè vwayajè DOH la sou entènèt.

Nan dat 24 jen, Gouvènè a te anonse yon nouvo avi sou vwayaj konjwen avèk New Jersey ak Connecticut ki egzije tout moun k ap vwayaje depi nan lòt eta ki gen gwo

pwopagasyon kominotè COVID-19 la pou antre nan yon karantèn 14 jou apati lè dènye kontak nan eta ki idantifye a. Katrevendis eta aktyèlman satisfè kritè pou karantèn ki obligatwa a sou baz yon wotasyon mwayèn sèt jou pou tès pozitif ki depase 10 pousan oswa kantite ka pozitif ki depase 10 pou chak 100,000 rezidan. Gen plis enfòmasyon sou avi eta a pou vwayaj ki disponib [isit la](#).

"Siksè New York nan konbat viris COVID-19 la anba de menas: mank respè ak viris k ap antre New York ki sòti nan lòt eta ki gen pousantaj enfeksyon ki ogmante yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te deja aplike yon òdonans karantèn pou vwayajè yo ki sòti nan eta yo ki gen pi gwo pousantaj enfeksyon, men moun yo pa respekte òdonans lan sa ki lakòz gwo monte yo ak menase gwo pwogrè nou te deja fè. Depatman Sante Eta a pral pibliye yon òdonans sante dijans jodi a ki òdone jodi a pou vwayajè yo ki andeyò eta a ranpli fòmilè vwayajè DOH la anvan yo kite ayewopò a, epi n ap kòmanse yon operasyon aplikasyon lalwa nan ayewopò yo nan tout eta a pou ede asire vwayajè yo k ap vini New York ap swiv òdonans sa a."

Aplikasyon Lalwa nan Ayewopò Otorite Pòtyè (Port Authority) yo

Ekip pou fè aplike lalwa nan ayewopò Otorite Pòtyè yo pral gen ladan ofisye lapè ki sòti nan ajans eta a epi ekip Depatman Sante Eta a pral ajoute ak jwenn sipò ofisye lapolis Otorite Pòtyè yo. Ekip pou aplike lalwa yo ap rankontre avyon yo nan pòtay yo ak salye pasaje k ap debake yo pou mande prè ke fòmilè vwayajè DOH Eta a te ranpli. Otorite Pòtyè a pral fasilite mizanplas fizik zòn pou aplike lalwa epi pran bon mezi pou liy datant ak distans sosyal.

Aplikasyon Lalwa nan Ayewopò Rejyonal yo

Ayewopò MacArthur, Westchester, Albany, Syracuse, Rochester, Buffalo ak Niagara Falls pral gen ekip pou fè aplike lalwa ki sou plas chak jou sou baz moun ki rive chak jou yo ki sòti na eta ki afekte yo. Ayewopò Elmira, Ogdensburg ak Plattsburgh pral gen ekip pou fè aplike lalwa sou sit la sou baz moun ki rive chak jou yo ki sòti nan eta ki afekte yo. Ekip pou fè aplike lalwa yo ki baze nan ayewopò rejyonal sa yo pral gen ladan ofisye lapè DOH Eta a ak ekip ke pèsonèl Lapolis Eta a sipòte epi pral rankontre avyon k ap rive yo nan pòtay yo epi salye pasaje k ap debake yo pou mande prè ke fòmilè vwayajè DOH Eta a te ranpli. Chak ayewopò pral fasilite mizanplas fizik zòn pou aplike lalwa epi pran bon mezi pou liy datant ak distans sosyal.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)